

# T ransportation ransformation

*Konekte Kominote yo Gras ak Chwa Transpò*

## ODIT SOU FASILITE PYETON YO DEYO A

Nan kad patisipasyon MPO Broward nan Inisyativ pou fini Wout lari yo, MPO ofri sibvansyon pou òganize Chita Pale sou pasaj pou pyeton bay vil ki enterese nan amelyore anviwònman transpò pou tout moun. Kat vil te jwenn sibvansyon sa a pou òganize Chita Pale sou pasaj pou pyeton yo pou kominote ki nan chak jiridiksyon yo. Chita Pale sou pasaj pyeton yo te deja fèt nan vil, Fort Lauderdale, Coconut Creek, ak North Lauderdale, ak yon dènye ki pou fèt nan Vil Lauderhill nan mwa janvyè 2015.

Rezon ki fè MPO Broward patwone Chita pale sou Pasaj pou Pyeton yo se pou angaje kominote a epi pataje nan ki pwèn yo ye ak pwojè koridò yo chwazi ki ta ka pote avantaj si apre etid yo fè li tounen yon wout ki pral pèmèt amelyorasyon epi fè pwomosyon tout mòd transpò ak mwayen konsèp Modèn pou Bati Wout. Manm kominote yo te gen posiblite bay opinyon dirèk yo sou yon koridò pou pyeton ak yon kote pou monte bisiklèt epi fè rekòmasyon pou amelyorasyon. Tou sa yo te jwenn yo pral ranmase nan yon rapò final pou ede anplwaye ak ofisyèl vil la poze pwoblèm enkyetid yo idantifye yo.

Pandan chita pale sa yo, patisipan yo ap divize an ekip pou anrejistre enfòmasyon sou eksperyans pyeton yo; apre sa, y ap rasanble ansanm pou fè konnen rezilta yo. Eleman, prensip ak karakteristik Lari Konplè a montre ki jan patisipan yo analize anviwònman pyeton yo. Anpil opinyon yo jwenn apre Chita Pale sou Pasaj pou Pyeton an santrè sou pwoblèm antretyen ki gen rapò ak anviwònman nan pasaj pou pyeton an tankou arè otobis, twotwa, wout pou mache, pankat siyalizasyon, etc. Enfòmasyon yo rasanble yo pral bay yon bon fondasyon pou ajans k ap travay ansanm yo kapab chita sou enkyetid kominote a genyen pa rapò ak zòn y ap etidye a.




Anplis volontè kominote a, reprezantan ki sòti nan vil yo, MPO Broward la, FDOT, Depatman Sante, Konsèy Rejyonal Planifikasyon Sante Broward, Transpò Konte Broward, FLIPANY, Asosyasyon Pou Sante Nan Vil la, Depatman Lapolis Fort Lauderdale, WalkSafe, Association American Lung, FAU, AARP, pami lòt, te patisipe nan Chita Pale yo. Raple byen, elèv nan Lekòl Preparatwa Somerset ak elèv nan Lekòl Elemantè Silver Lakes yo te patisipe nan Chita Pale nan North Lauderdale la, kote yo lonje dwèt sou pwoblèm ak enkyetid yo genyen chak jou lè yo pral lekòl.

**Pou plis enfòmasyon sou Chita Pale sou Pasaj pou Pyeton yo. Ou ka vizite sit nou an:**

**[www.browardmpo.org/projects-studies](http://www.browardmpo.org/projects-studies)  
Fini-Wout/ Chita Pale sou Pasaj Pyeton**

KISA KI ANDEDAN LA

- MESAJ PREZIDAN AN
- LIS ANYÈL PWOJÈ OBLIGATWA 2014 YO
- PREMÈ KOPI PPP A DISPONIB
- PRIM 2015 POU LARI AN SEKIRITE
- EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL



Administratè gouvènman lokal la,  
Richard Blattner  
Prezidan, Broward MPO  
Vil Hollywood, Distrik 4

# Message of the Day

Mahatma Gandhi te ekri " Aksyon montre priyorite yo" Komite MPO a pran yon seri divès aksyon pou aplike objektif nou genyen toupatou pou "deplase moun, kreye travay epi ranfòse kominote yo". Anplis pwojè yo ki nan

Plan Transpòtasyon Alontèm yo rele Angajman 2040 la ak Pwogram Amelyorasyon Transpò, asire bon jan resous finansye se yon misyon kritik Konsèy la genyen. Malerèzman, Leta Lokal ak Rejyon Broward la te wè yon gwo rediksyon nan Finansman Transpò; nan dènye ane ki sòt pase yo, nou te chèche yon pakèt posiblite pou nou te ka poze pwoblèm ki lakòz defisi finansye yo. Apwòch nou se fè pledwari devan lejislatif la pou retounen bay epi pou ogmantasyon resous sa yo.



Nan reyinyon 13 Novanm li a, Konsèy MPO a te bay aksyon nou vle fè priyorite yo bò kote Federal ak Eta lejislatif la pou jwenn pi bon finansman pou transpò. Kabinè avoka a, Holland ak Knight sèvi kòm "vwa" MPO a nan Washington ak Tallahassee, pou defann misyon sa. Kèk nan priyorite MPO yo gen ladan rejwenn finansman ankò pou pon; etabli yon fon epay pou transpò; epi kontinye finansman pou "Wave streetcar".

Pou konnen plis, tanpri vizite:  
[www.browardmpo.org/about-us/legislative-priorities](http://www.browardmpo.org/about-us/legislative-priorities)

## LIS ANYÈL PWOJÈ OBLIGATWA 2014 DISPONIB POU PIBLIK LA



**TRANSPORTATION  
IMPROVEMENT  
PROGRAM**



Lis Anyèl Pwojè Obligatwa yo (AOL) montre sa ki te vrèman pase avèk finansman Pwogram Amelyorasyon Transpò a (TIP) pandan dènye ane fiskal la. Kalite pwojè yo te oblije debloke lajan federal pou yo gen ladan yo transpò piblik, wout ak pyebwa, pou bisiklèt /pyeton, nouvo wout, laji wout, amelyorasyon entèseksyon ak rekonstriksyon, amelyorasyon echanj, Sistèm Transpò Avanse, peyizaj, amelyorasyon transpò, ak pwojè ki gen rapò ak sekirite. Ou ka wè lis la nan [www.browardMPO.org](http://www.browardMPO.org) klike sou antèt "Pwogram" nan epi apre sa chwazi "Pwogram Amelyorasyon Transpò". Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele 954-876-0042 oubyen 965-876-0033.

## Kopi Plan Patisipasyon Piblik la disponib pou Piblik la al li epi fè Kòmantè

MPO a ankouraje w li epi bay opinion w sou kopi Plan Patisipasyon Piblik (PPP) la ki kapab fè nan yon peryòd 45 jou kote y ap pran kmant. Kopi PPP a disponib sou sit entènèt nou an nan [www.browardMPO.org](http://www.browardMPO.org) epi klike sou antèt ki ekri "Patisipasyon Piblik".

Ou kapab voye Kmantou pa imel nan [info@browardMPO.org](mailto:info@browardMPO.org), fakse nan nimewo 954-876-0062, oubyen pa lapòs nan biwo MPO a nan adrès yo montre anba dnye paj bilten sa a. Nou vle tande w anvan peryòd pou fè kmanta fini 11 Fevriye, 2015.

## PRIM 2015 POU LARI AN SEKIRITE

Prim yo pou lari an sekirite a se yon opòtinite pou pouse devan jiridiksyon sa yo ki pote labanyè kòm yon egzanp nan kreye yon lari ki pi bon pou tout moun. Tanpri ede nou fè konnen travay egzanplè nan Broward County avèk vòt nou jodi a!

Vizite [www.browardmpo.org/projects-studies/complete-streets/safe-streets-summit/safe-streets-awards](http://www.browardmpo.org/projects-studies/complete-streets/safe-streets-summit/safe-streets-awards) pou vote.






## JEFÒ NAN EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL

### Jou Anyèl Karyè nan Konstriksyon (CCD)

21 ak 22 Oktòb, Administrasyon Federal Otowout, Asosyasyon Moun ki Travay Nan Transpò Florid epi Depatman transpò Eta Florid patwone Jou Anyèl Karyè nan Konstriksyon (CCD) nan Bergeron Rodeo Grounds nan Davie. CCD an bay elèv lekòl segondè ak sa ki pran yon fòmasyon / karyè yon opòtinite pou yo aprann sou karyè nan otowout ak nan endistri konstwiksyon pon. Evènman an pèmèt elèv yo fè echanj avèk lidè yo nan endistri a epi patisipe nan yon aprantisaj pratik ki pale sou sijè tankou fè beton, mete asfalt, konsepsyon pon yo ak talan lè yo ale nan entèvyou. Nan foto adwat la, anplwaye MPO Priscila



Clawges, Peter Gies ak Chris Ryan ap travay ak santèn elèv lekòl segondè pou desine Lari Ki Fini ak èd StreetMix ki ka itilize gratis nan [www.streetmix.net](http://www.streetmix.net).

### Konferans Ofisyèl Transpò Minoritè yo (COMTO)

Nan dat 13 novanm 2014, anplwaye MPO a te patisipe nan konferans **Ofisyèl Transpò Minoritè yo (COMTO)** Biznis Entrepriz Ki piti epi defavorize Se Otorite Transpò Rejyonal / Tri-Rail Sid Florid kite òganize fowòm nan Anplis yon seri lòt aktivite, fowòm nan bay patisipan yo opòtinite pou yo enskri ak ajans yo ki pral fè yo konnen kisa k ap fèt pou biznis yo. Fred Taylor, Ofisyè Akizisyon ak Chris Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Piblik ankouraje konpayi yo pou kenbe kontak ak MPO a epi veye paj "**Fè biznis**" la sou sit entènèt nou an, epi pou yo vin abitye ak **Pwogram Amelyorasyon Transpò a (TIP)**, ki bay lis tout pwojè ki jwenn finansman pou senk ane kap vini



yo. Patisipe nan rete Branch COMTO Fort Lauderdale la nan [www.comtoftlauderdale.org](http://www.comtoftlauderdale.org) oubyen kontakte Loraine Cargill nan 954-788-7921.



### Lari Pi an Sekirite ak Miami Heat

Avèk èd Burnie, Heat Maskòt la, mwa pase a MPO a, Depatman Transpò Florid la, Vil Lauderdale Lakes la, Transpò Konte Broward ak lòt patnè anime yon rasanbleman sou sekirite nan entèseksyon SR 7 ak Bouleva Oakland Park. Nan kad kanpay leta a "**Avètisman Jodi a Pou Ka vivan Demen**" ki vize konte yo ki gen aksidan pyeton ak bisiklèt ki pi wo yo, objektif rasanbleman an sete edike moun sou kouman yo sèvi ak otobis la san danje, kouman pou yo itilize wout pou yo travèse epi fè tout moun sonje pou yo veye pyeton yo. **An nou kondwi, mache epi pran woulib an sekirite...**

Vizite paj ki pale sou Fini Wout yo: [www.browardmpo.org/projects-studies/complete-streets/broward-complete-streets-initiative-2](http://www.browardmpo.org/projects-studies/complete-streets/broward-complete-streets-initiative-2)

Sonje patisipe nan konvèsasyon sou transpò nan Broward lè w swiv Pale Broward anba a.



**KENBE KONTAK. PATISIPE.**

Swiv nou pou gen dènye enfòmasyon sou transpò nan Broward

SIT ENTÈNÈT LAN: [WWW.BROWARDMPO.ORG](http://WWW.BROWARDMPO.ORG) [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)

FACEBOOK: [www.facebook.com/SpeakUpBroward](http://www.facebook.com/SpeakUpBroward)

TWITTER: [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](http://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)

LINKEDIN: [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](http://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)

YOUTUBE: [www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0](http://www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0)

INSTAGRAM: [www.instagram.com/speakupbroward](http://www.instagram.com/speakupbroward)





**Ede nou PRAN SWEN LANATI!**  
Mande pou resevwa bilten enfòmasyon  
Broward MPO a pa imèl; pou fè sa, kontakte  
Chris Ryan nan [ryanc@browardMPO.org](mailto:ryanc@browardMPO.org)  
oswa rele nan (954) 876-0036

VIZITE SIT WEB NOU AN SOU [WWW.BROWARDMPO.ORG](http://WWW.BROWARDMPO.ORG)

PRSR STD  
TENB LAPOS ETAZINI  
PEYE  
FT. LAUDERDALE, FL  
PÈMI #3973

## REYINYON KAP GENYEN PI DEVAN

	JAN 2015	FEV 2015	MAS 2015	AVR 2015
<b>Komite Egzekitif MPO</b> <i>Rankontre chak 1mye Jedi a 9:30 dimaten.</i>	Pa gen reyinyon	5	5	2
<b>Òganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metwopolitèn nan Broward (MPO)</b> <i>Rankontre 2zyèm jedi a 9:30 dimaten.</i>	8 Retrèt Konsèy MPO a	12	12	9
<b>Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC)</b> <i>Rankontre 4yèm Mèkredi a 2:30 apremidi</i>	28	25	18*	22
<b>Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR)</b> <i>Rankontre 4yèm Mèkredi a 6 zè nan aswè</i>	28	25	18*	22
<b>Komite Koòdinasyon Lokal (LCB)</b> <i>Rankontre chak 4yèm lendi a 2 p.m.</i>	26	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	27 Reyinyon Komite
<b>Komite Konsèy Teknik Lari yo (TAC)</b> <i>Rankontre chak 2zyèm lendi a 2 p.m.</i>	5	9	9	9

Yo òganize tout reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan lokal Trade Centre South la.

Nou ankouraje patisipasyon piblik la kèlkeswa ras, koulè po, orijin natif natal, laj, sèks, relijyon, andikap oswa estati famiyal. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oubyen sou [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org). Si w gen pwoblèm pou tande, telefòn nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte: **Christopher Ryan, Ofisye Enfòmasyon Piblik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org).**

\* Dat sa yo chanje si gen konje oswa lòt menm tan

## ÈSKE W KONNEN?

Gen anpil avantaj lè w pran woulib ansam ak lòt moun nan yon van oubyen machin.

- W fè ekonomi paske w peye pi piti kòb pou asirans machin, pou reparasyon ak pou gaz.
- Pwofite li imel, tèks, yon bon liv, oubyen fè yon ti kabicha pandan w ap pran woulib la.
- Itilize Liy pou Machin ak Plizyè Moun- HOV gratis
- Diminye tras kabòn w ka podwi- mwens lafimen ak dechè
- Yon jan pou al nan travay san stress



Vizite [www.1800234RIDE.com](http://www.1800234RIDE.com) oubyen rele 1-800-234-RIDE pou kreye pwofil machin ou ta renmen pran woulib ladann an oubyen pou jwenn yon van pou pran woulib tou pre w- tout sa gratis.